Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 12-13 (7569)
15 март
Арбаг1
2023 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Руччабазул байрамалда





Гьал къоязда Халкъазда гьоркьосеб руччабазул Къо кIодо гьабиялде буссараб данделъи тIобитIана Шамильхъалаялъул культуриябгун рекIелгъеялъул Централъул КIалгIаялъуб. Гьенире ракIарун рукIана районалъул батIи-батIиял хIалтIул вакилзаби, нухмалъулел, руччаби.

ЧIужугIаданалдехун адаб гьабурал хинал рагIабигун роха-хинлъиялъул тадбир рагьана культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаевас. Гьениб баркиялъул ва сахлъигун талихI руччабазе гьариялъул каламгун кIалъана муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадов. Сундасаго цебе бетIерас руччабазе гьарана гьезул бихьинал; вацал, васал, росал тушманасда тIад бергьенлъиги босун Украиналдаса тIад руссин. «БичIчIула кин гьезие гIоло гьабсагIаталда нужеца ургъел гьабулеб бугебали. Нуж чIухIизе бегьула спецоперациялда гIахьаллъулел нужерго бихьиназдаса. КватIичIого бергьенлъигун, зарал ккечIого гьел тIад руссин буго нилъер мурад!»,-ян тIадчIей гьабуна бетIерас.

Хадуб байбихьана тадбиралъул бищунго лъикIаб бутIа. БетIерас мустахIикъал рагIабаздалъун байрамги баркун, ХIурматиял грамотаби кьуна районалъул хIалтIулъгун общественнияб гIумроялъулъ мисал бихьизабурал руччабазе. Гьезул къадар букIана кIудияб.

Хадуб районалъул культуриябгун рекIелгъеялъул хIалтIухъабаз балагьаразда бихьизабуна гIатIидаб ва магIнаяб концерталъулаб программа.

ДандчIвай

## СВОялъул гIахьалчагIи-районалда



Гьал къоязда «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадов дандчIвана Украиналда унеб рагъулъе жидеего бокьун контрактги хъван арал Рихьуни росулъа гIолохъабигун. Гьел къокъал отпускабигун районалде рачIун руго.

ДандчIваялда гIахьаллъана хIинкъи гьечIолъиялъул рахъалъ бетIерасул зам. М. ХIамзатов, Рихьуни росдал бетIер ГI. Жамалудинов, районалъул информационнияб хъулухъалъул отделалъул начальник ГIусман Мусаев, жидеего бокьун спецоперациялда гIахьаллъулел ХIажиев ГIиса Назирович, Ибрагьимов Айгун Г1ибадулаевич, МухIамадов Рашид МухIамадович. Гьез дандчIваялда бицана кинал гIумроялъе хIинкъи бугел лъугьа-бахъиназдаса рорчIаралали, жидерго хъулухъ унеб бугеб куцалъулги. Цо нухалъ тушманасулгун къеркьеялда гьез батальоналъул командир хвасар гьавун вуго.

ГI. НурмухIамадовас г1олилалгун дандчIваялда бихьизабуна спецоперациялъулъ нилъер рагъухъабаз унго-унгояб мисал бихьизабулеб бугин, гьарана къокъаб заманалда спецоперацияги раг1алде бахъун рокъоре т1ад руссин.

Информационнияб Централъги г1олилазе гьарула рагъулъ бергьенлъаби, Аллагьас балагьаздаса ц1унун т1ад руссин.

Семинар-совешание

## Декларационнияб кампаниялъул хIакъалъулъ

Гьаб соналъул 6 марталда ришватчилъиялъул рахъалъ бугеб закон цIуниялъул мурадалда «Унсоколо район» МОялъул администрациялда тIобитIана гьелъул аслиял суалал гьоркьор лъураб семинар-совешание. Гьенир гIахьаллъана муниципалияб хъулухъалда ругел, муниципалитеталъул учреждениял-организациязул нухмалъулел. Данделъиялда рукIана бетIерасул зам. Хъ-М. ГIабдулхаликъов, районалъул прокурор ГIабдурагьим Маликов, росабазул бутIрул, муниципалитеталъул хъулухъчагIи.



Семинаралда гIахьаллъаразда бичIчIизабуна доходазул, хвезабураб гIарцул, буголъиялъул рахъалъ тIадеросиязул, 2023 соналъул справкабазул данде кколел формаби цIезариялъул къагIидабазул (хIисаб кьеялъул заманалда).

ГIемерисезул гьеб цIезабиялда ратана кIвар бугел гIунгутIаби. Гьел лъугIизариялъе хасал рахъазде кIвар кьуна семинаралда. Гьединго цере цIезаруразул ритIизаруна гъалатIал, качественнияб къагIидаялъ формаби цIезариялъул къагIидаби рихьизаруна. Гьенибго прокурор М. Маликовасги тIадчIей гьабуна 2022-23 саназул деклорациял цIезарулаго кIвар кьезе кколел рахъазде. Семинаралда администрациялъул юрист У. Бартыхановалъ презентация гьабуна справка – БК цIезабиялъул суалалда хурхун.

## С Днем работника архива

Уважаемые сотрудники и ветераны архивной службы Унцукульского района!

Примите искреннее поздравления с профессиональ ным праздником!

На вас возложены важнейшие задачи по формированию архивного фонда нашего района, который является бесценной информационной базой. Во время стремительного развития высоких технологий не уменьшается важность и значимость архивов. В них хранятся истории и судьбы, личности и события. Это наша память, которая помогает лучше понять и осмыслить настоящее и взглянуть в будущее.

От всей души желаю вам успехов в вашей работе, творческих инициатив и открытий, оптимизма и хорошего настроения, крепкого здоровья, счастья и благополучия!

**С уважением,**
**глава Администрации МО «Унцукульский район»**
**Нурмагомедов Иса Магомедович**

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 12-13 (7569)
АрбагI
15 март 2023 сон

2 гьумер

МагIарулай, ракI бакъван
Къварилъун мун лъугьани,
РакIалде щва даимаб
ГIумроялъул цо магIна:

«Буго гьелъул гIунгутIи
Гьеб цIакъго къокъаб букIин,
КIочон тоге кидаго
Гьеб цо нухалъ кьолеблъи»

# МагIарулай



Редакциялде кагъат: магIарулай

## Унго-унгояй тохтур



Микьго сон букIана дир лъимер кьоларого батIи-батIиял больницабазда егун дараби гьарулей. Иргадулаб нухалда егана Унсоколо районалъул централияб больницаялъул гинекологиялъул отделениялда. Гьений руччабазул врачлъун хIалтIулей йиго ракI гIатIидай, гIамал берцинай, бажари бугей врач МухIамадгIалиева ГIайшат Лабазановна.

БачIинахъего гьелъ кIвар кьун дараби гьаруна дие, тIад буссана ковидалдаса хадуб ургьибго лъимерги хун, захIматаб хIалалда йикIиналъ чорхолъе ккараб унтиялъ хвезабураб сахлъи. Гьанже дир йиго яс. Дихъе талихI тIад буссинабуна ГIайшат МухIамадгIалиевалъ.

Дица тIадехун бицен гьабурай ГIайшат МухIамадгIалиева ккола Унсоколо росулъа, гьелъ I0 класс лъугIизабуна Унсоколо № 2 гьоркьохъеб школалда. 2006 соналда багIараб дипломалда лъугIизабуна Дагъистаналъул медицинаялъул академия. ХIалтIулаб гIумро байбихьана Шамильхъалаялъул гIемерпрофилазул больницаялдасан. 20I0 соналдаса нахъе хIалтIулей йиго районалъул больницаялда акушер-гинекологлъун, гьединго гьабсагIаталда гьей ккола больницаялъул бетIерай врачалъул заместительги.

КIиго категориялъул врач хIисабалда ГIайшат МухIамадгIалиева кIвар бугейлъун йикIана ковид унти багьарараб заманалдаги. Къаси-къад чIезе рес гьечIеб доб заманалда цIакъго тIатана гьелъул тохтурлъиялъул качество, хIинкъи-къай лъачIого бищун хIинкъи бугел палатабахъ кумекалъе ятулаан гьей. Гьеб заманалда кумекалъе районалде бачIана Москвалдаса врачазул къокъа. Гьелгун цадахъги ковидалде данде рагьараб госпиталалда къасиги къадги хIалтIана гьей. ЛъикIаб къимат кьуна москваялъулаз больницаялъулги чIей гьечIого унтаралгун йигей гIолохъанай врачалъулги хIалтIуе.

Аби буго лъикIал гIадамаздасан баркат бахунилан. Унтаразулгун хIал рекъезабулей ва гьезул мурадазе хIалтIулей, ракI рагьарай, гIамал берцинай гIолилай йигоан гьей. Гьелъ эбеллъун яхъинюна дун, тIад буссинабуна цо-цо врачаздаса щун букIараб божилъи гьечIолъи. Азарго баркала, дуе, гIолохъанай врач, ракI рагьарай инсан, ГIайшат Лабазановна, дуе тарбия кьурал эбел-эмен дунял-ахираталдаса рохун таги!

ЧIухIизе бегьула гьединай ясалдаса. Дицани абилаан тIадегIанал цIаразе мустахIикъай йигин ГI. МухIамадгIалиева,- абун. Щайгурелъул жакъа къанагIатаб гIаданлъиги унтараздехун хIурмат-адабги, гIолохъанго йигониги тIадаб иш тIадегIанаб куцалда лъалей медик йигоан гьей.

Сахлъиги талихIги, дуе, дун талихIай лъун гьаюрай унго-унгояй тохтур!

Цоги кIвар буссинабизе кколеб жолъун дида бихьана больницаялда хIалтIи гIуцIун бугеб куц. Киса-щал рачIаниги унтарал ратIа гьаричIого сах гьарула Унсоколо районалъул больницаялда. Гьедин гьечIо цогидал районазда. Гьелда тIадеги щибаб кьойилго кьола пайдаяб ва тIагIамаб квен, рукIуна пихьал ва гь. ц. Баркала кинабго коллективалъе, хIалимал хIалтIухъабазе!

**Хадижат ХIАМЗАТОВА.**
**Хьаргаби районалъул Могьохъ росу.**

Махсараби

## *Кинабго росасе гIоло*

Цоялъ гьудулалда абула

-Дица кинабго гьабулеб буго дирго росасе лъикIлъиялъе. Толаро гьес гьекъезе, хъалиян цIазе, гьесул сахлъи цIуниялъе. ГIадада гьес нерваби хвезаричIого рукIине толаро бокалалъухъ, футболалъухъ, хоккеялъухъ валагьизе. Кванил режим хвезабичIого букIине кивго лъалхъичIого рокъое вачIин тIалаб гьабула. Гьесул кванирукъ хвечIого букIине кинаб букIаниги бежараб жо, цIамул лъелъе рарал жал, маринованиял, копчениял, рухIулел жал кваназе толаро. Кинабго гьабулеб букIуна гьесие гIоло. Гьев хIайванас абуни баркала кьезе кколеб бакIалда дунгун ватIалъизе хиял гьабулеб буго…

## *Адресат ховухъе вуго*

Судалъул заседаниялде кагъатги битIун ахIун вуго адресат. Кагъат тIад буссуна «Адресат хвана»,-ян абурал рагIабигун.

Гьеб битIун бугищали бихьизе судалъул секретарас кIиабизеги битIула кагъат. КIиабилеб нухалъги кагъат тIад буссуна «Адресат ховухъе вуго»,-ян тIадги хъван.

## *Дир рос вухулев вуго...*

Полициялде телефоналъул звонок бачIуна. – Алло. Хехго рачIа, кIиго хулиганас дир рос вухулев вуго…

Звонок гьоркьоб къотIула.

Нахъеги ахIун бачIуна:

-Кинабго лъикI буго. Гьанже гьос хулиганал рухулел руго…

## МугIрул чIужугIадан

МугIрул чIужугIадан,
Гьал гIасрабаца,
ГIемераз сокIана
Дуде саринал,
Дийги бокьун буго
Дирго пикраби,
Къалмие чучизе
Дур рахъалъ хъвазе.
Лъала, дуе рецц-бакъ
Рекъараб букIин,
МустахIикъай йикIин
КIодо гьайизе,
Лъала, гIумруялъул
ЛъикIабгин, квешаб,
Дуца гъажабазда
Баччун бугеблъи.
Дур гьурмада бугеб
Щибаб сукIелалъ,
Бахчун буго рекIелъ
Чанги къварилъи,
Дуца гьеб бахчана,
Лъазе биччачIо,
Дурго лъималазда
Дурго росасда.
Гьуинаб каламалъ
Бадийги гьимун,
Ялагьула даим
Мун к1алъалесухъ,
РекIеда бахчараб,
Дуе захIматаб,
Лъазе течIо дуца,
Дурго пашманлъи.
Школалда цIалулей
ЦIалдохъан, дица,
ЦIалана Расулил
Саринал гIемер,
Мун кIодо гьаюрал,
Дуе рецц кьурал,
Дуде бугеб рокьи
Загьир гьабурал.
Дицаги абула,
АхIун гьаракьгун,
ЧIахьаги магIарул
Руччабийилан!
ГIодой накуги чIван
Къулула дуе,
МугIрул чIужугIадан,
Дир магIарулай.

**ПатIимат ХIамзатова,**
**Рихьуни росу.**

## Дун йиго учительница



Дун йиго «Шамилькалинская СОШ» МКУялъул авар мацIалъул ва литератураялъул учительница, буго тIадегIанаб лъай, лъугIана ДГПУялъул авар мацI ва литератураялъул факультет, буго 23 соналъул стаж.

Учительлъун вукIин гьеб цохIо махщел гуро, гьеб буго жавабияб тIадкъай (миссия) тIубай, лъимер куцаялъул вакиллъи букIин. ГьитIинаб мехалдаса нахъего кидаго пикрабалъ яхъун чIолаан дун доскаялда цее. Дие учительлъи букIана ва буго лъимерлъиялъул анищ, мурад, гьелде дун ячIана гIемерал саназ. Учительницалъул хIалтIи дие ккола кидаго дирго лъай борхизабиялде тIад хIалтIи, гьеб щвалде щвезаби, лъималгун хIалтIизе цIия-цIиял къагIидаби рати.

Дун ккола 8 классалъул классалъулай нухмалъулей, гьезиеги кьола авар мацIгун литература цогидал классазда го гIадин. Гьеб ккола дир ункъабилеб выпуск. ГIемераб заман бана дица лъималазда цадахъ гьезие тарбия кьеялъул хIалтIи гьабулаго. Классалъул руководитель хIисабалда аслияб мурад букIуна лъикIаб тарбия-лъай гьезие щвей, чIезабула лъикIаб, гьудуллъиялъулаб ахIвал-хIал, киналго тIуразе кколел суалазде гьорлъе цIала тIубараб класс, букIинабула лъималазда гьоркьоб цоцада ричIчIи. Дир лъималаз берцинго цIалула батIи-батIиял кучIдул, рицуна жидецаго цIаларал харбал, гьезул кумекалдалъун гьайбатал сочинениял хъвала.

Лъималазе гIицIго лъикIаб лъай кьеялда гIей гьабуларо дица, цIаларабщиналъ берцинлъиялде лъикIлъиялде асар лъугьинабула гьезулъ. Гьеб мурадалда гIахьаллъула магIарулазул батIи-батIиял гIадатазул, республикаялъул конкурсазда, олимпиадабазда, акциязда. Гьезда лъикIал бакIалги ккола дир цIалдохъабаз. Дие рокьула дидаго цере ругел лъимал, гьеб абуни букIуна данде жаваб бугеб. Гьелъ цоцазул захIматалъул «бачIин» бихьизеги бихьула. Лъимал батIи-батIиял цIалул заведениязде рорчIи кIудияб рохел буго дие.

2009 соналдаса нахъе дун йиго школалъул авар мацIалъул ва литератураялъул цолъиялъул нухмалъулей. Гьениб цоцазе методикияб кумек гIуцIула хасго ИКТ технологиялда хурхун. ГIемер гIахьаллъула цоцазул гьунар-махщел, хIалбихьи лъазабиялъул тадбиразда. Гьедин гIахьаллъана республикаялъул слетазда. Гьел рукIана Гъуниб, Болъихь, Хунзахъ ва Унсоколо районазда. Гьенир щварал Баркалаялъул кагъатаз, грамотабаз, дипломаз жеги хIалтIудеги лъималаздеги рокьи бижизабуна дилъ.

Дица рикIкIуна тIадаб хIалтIи чияс, хасго учителас ракI бацIцIадго тIубазабизе кколин. Щай абуни гьесда тIад лъун буго инсан лъай бугевлъун гьавиялъул ва гIаданлъун куцаялъулги кIудияб миссия. Гьеб тIубазаби намусалъул ишлъун буго диеги.

**ПатIимат ГIУМАРОВА.**

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 12 13 (7569)
Арбаг1
15 март 2023 сон

3 гъумер

# Садовод

Страница в номере




## ПРЕИМУЩЕСТВА ЕНС – резюме

**ПЛАТИТЬ ПРОЩЕ**

1 1 платеж в месяц (сейчас 60 сроков уплаты в год, будет в 5 раз меньше)

2 2 реквизита в платежке – можно просто платить по ИНН (сейчас 15 уплаты и начисленных сумм будет исключена.

**ЭКОНОМИЯ ДЕНЕГ И ВРЕМЕНИ**

3 1 сальдо расчетов с бюджетом – не будут начисляться пени при наличии переплаты и недоимки.

4 1 сальдо расчетов – не нужно будет подавать заявления об уточнениях и зачетах между КБК и ОКТМО (сейчас 80 млн. ошибок в год по стране).

5 1 день на возврат – положительное сальдо ЕНС признается деньгами налогоплательщика и возвращается по его ПОРУЧЕНИЮ (вместо 10 рабочих дней (2 недели) на РЕШЕНИЕ налогового органа о возврате).

6 1 операция чтобы передать свою переплату (сейчас нужно сначала дождаться возврата на свой счет, потом заплатить за другого).

7 до 30 дополнительных дней для уплаты – при переносе сроков уплаты для большей части платежей увеличивается срок, в том числе наиболее значительно по страховым взносам, а НДФЛ будет уплачиваться не ежедневно, а 1 раз в месяц.

8 нет срока давности для платежей старше 3-х лет.

9 нет необходимости получения справок о долге - госорганы сами обменяются информацией о состоянии расчетов с бюджетом.

**ПРОЩЕ РАЗОБРАТЬСЯ С ДОЛГОМ**

10. 1 день на снятие приостановки со счетов при уплате долга.

11. 1 документ взыскания (сейчас выставляются отдельные требования, инкассовые поручения и постановления приставу по каждой сумме обязательств).

**ПРОЗРАЧНОСТЬ И СЕРВИСНОСТЬ**

12. Онлайн доступ для плательщиков детализации начислений и уплатыналогов – налогоплательщик и налоговый орган видят состояние расчетов «одними глазами».

13. Интеграция доступа как в ЛК, так и в IT-платформы плательщиков по открытому API.

## Внимание! Запомните реквизиты Единого налогового счета для уплаты налогов с 2023 г

Управление Федеральной налоговой службы по Республике Дагестан напоминает, чтоФедеральным законом от 14.07.2022 № 263-ФЗ «О внесении изменений в части первую ивторую Налогового кодекса Российской Федерации», внесены изменения в положенияНалогового кодекса Российской Федерации, которые вводят институт Единого налоговогосчета (далее – ЕНС).

В целях уплаты налогов, сборов, страховых взносов, пеней, штрафов, процентовпосредством перечисления в бюджетную систему Российской Федерации единогоналогового платежа с 01.01.2023 предусмотрен отдельный казначейский счет, открытыйУправлению Федерального казначейства по Тульской области, в том числе и дляналогоплательщиков Республики Дагестан.

Сегодня, чтобы уплатить налоги, нужно знать 1,5 тыс. кодов бюджетной классификации,более 20 тыс. кодов муниципальных образований и много других дополнительныхреквизитов (срок уплаты, основание платежа, налоговый период, статус), которые следуетуказать в платежке. С внедрением ЕНС все это станет ненужным и лишним.

Единственное, что потребуется – это ИНН и сумма, которые станут единственными изменяемыми пара-метрами платежа.

Таким образом, со следующего года налогоплательщик сможет вносить средства на свойЕНС, а дальше Служба автоматически распределит их по его обязанностям. В первуюочередь платеж будет направлен на погашение недоимки по хронологии еевозникновения. Далее - на налоги с текущим сроком уплаты, а потом – пени, проценты,штрафы в зависимости от того, что есть у плательщика. Это уменьшит число налоговыхплатежей, потому что все можно будет оплатить одной операцией. Помимо этого, ЕНС отменяет единый срок давности платежа. В любой моментплательщик может вернуть положительный остаток, который есть на ЕНС, внезависимости от того, когда он был уплачен – три года назад или месяц.

Кроме того, единый налоговый счет позволит больше не делать переброски междуразными видами платежей, ликвидировав ситуации, когда у лица могла быть одновременно переплата и недоимка по разным видам налогов. Налогоплательщики с положительным сальдо счета ЕНС получат возможность исполнить обязанность иного лица. Для этого следует подать заявление, и средства с остатка на счете будут переведены.

Ускорится и процесс возврата на счет переплаты. Так, в Налоговом кодексе была закреплена норма о том, что налоговый орган обязан не позднее следующего дня после получения заявления налогоплательщика отправить поручение на возврат в Казначейство.

Сегодня только решение о возврате может приниматься в течение 10 дней, а еще 20 дней дается Казначейству на проведение возврата. Уменьшится и время снятия блокировки со счета лица после погашения им задолженности перед бюджетом.

На страже памяти! 100-летие архивной службы Дагестана.

# Архив-история и память народов

2023 год для сотрудников архивной службы Дагестана юбилейный - ведомство отмечает свое столетие.

Проходят годы, столетия, одно поколение сменяет другое, а память народа о прошлом – будущий источник исторического познания - сохраняется на стеллажах, сплошь заставленных объемистыми папками. Это труд сотрудников архива, которые кропотливо сортируют, расставляют и изучают историческое богатство ушедших поколений.

Сегодня, как и сто лет назад, архив выполняет множество самых разноплановых функций. Основные - сохранение, комплектование документов - их сбор, систематизация, реставрация, использование и многие другие. Основная задача – собирать и сохранять документальную историю, бережное сохранение документального наследия.

Официально первый государственный архивный орган в стране появился с момента подписания 28 февраля 1720 года (10 марта по новому стилю) Петром 1 акта под названием «Генеральный регламент или Устав». Указ императора дал начало деятельности всех государственных архивов на территории России и учредил должность архивариуса.

Постановлением СНК ДАССР 14 июля 1923 года было принято решение о создании Архивного бюро ДАССР . Унцукульский районный архив образован в 1935 году (постановление Президиума ЦИК СНК ДАССР ).

Унцукульский районный архив входил в структуру райисполкома до 1993 года.

В 1993 году, в связи с реформированием органов государственной власти и органов местного самоуправления Унцукульский районный архив вошел в структуру администрации Унцукульского района и продолжил осуществить деятельность на правах отдела.

Помещение для архива было маленькое, площадью 18 кв.м. до переезда в пос. Шамилькала. С 2015 года муниципальный архив находится в административном здании района. Под архив выделены приспособленные помещения общей площадью 54 кв.м, в том числе 2 архивохранилища площадью 36 кв.м. со смешанными стеллажами протяженностью 124 п\м, загруженность составляет 70 %. Благодаря выделяемым средствам ежегодно улучшается материально-техническая база муниципального архива -произведены капитальные ремонты в помещениях, все кабинеты оснащены пожарно-охранной сигнализацией, огнетушителями, установлена тревожная кнопка.

В хранилищах архива установлена система конди-ционирования воздуха. Приобретены стеллажи для размещения архивных документов, архивные короба для картонирования документов, компьютеры.

На 01 января 2023 года в муниципальном архиве МО «Унцукульский район» 62 фонда, в которых хранится 9830 единиц хранения за 1935-2017 годы, в том числе - 9029 единиц хранения управленческой документации, 801 единиц хранения по личному составу.

Состав и содержание документов и фондов муниципального архива весьма разнообразны. Муниципальный архив хранит документы, образовавшиеся в деятельности районных и сельских советов народных депутатов, их исполкомов, отделов и управлений, промышленных, сельскохозяйственных и иных предприятий, организаций районного подчинения, райкомов профсоюзов, редакций районных газет и другие.

В основном, в муниципальном архиве, хранятся документы постоянного хранения по основной деятельности организаций и учреждений; решения, постановления и распоряжения, приказы и распоряжения руководителей, положения и уставы, протоколы различных совещаний, планы работы, финансовые и другие отчеты.

Хранятся и документы по личному составу ликвиди-рованных организаций (приказы и распоряжения по личному составу).

Список источников комплектования состоит из 35 учреждений и организаций, 6 из них относится к республиканской собственности, 29 - к муниципальной собственности.

Муниципальный архив работает в тесном сот-рудничестве с ответственными за делопроизводство и ведомственными архивами организаций - источников комплектования, оказывает им методическую помощь в отборе, упорядочении и описании документов постоянного хранения и документов по личному составу, рассматривает и согласовывает в соответствии с полномочиями номенклатуры дел, инструкции по делопроизводству, положения об архивах, положения об экспертных комиссиях, проводит консультации.

Производит прием документов на постоянное хранения с истекшими сроками хранения от организаций и учреждений согласно плану и графику, утвержденному главой района.

Архивный отдел ведет строгий учет документов на бумажном носителе и также с помощью базы данных «Архивный фонд-4», вводятся сведения по всем разделам: «фонд», «опись», «единиц хранения».

Муниципальным архивом обрабатываются социально-правовые запросы учреждений, организаций и граждан. Запросы поступают от отделений пенсионных фондов, от граждан по различным вопросам: о подтверждении трудового стажа, о выдаче справок о заработной плате, о выделении земельных участков, о выписках из по хозяйственных книг, и др. все запросы исполняются в срок.

Предоставляемые отделом архива справки и выписки помогают решать важные для граждан проблемы.

В канун юбилея хочется обратиться к руководителям учреждений, организаций района, лицам ответственным за делопроизводство и сохранность архивных документов, относиться более добросовестно к своим обязанностям, к ведению делопроизводства в соответствии с правилами инструкции, сохранению и передаче в муниципальный архив документов с истекшими сроками хранения . Ведь это история нашего района, и мы обязаны сохранить и донести ее до наших потомков.

Работа в архиве не всякому окажется по душе, так что людей случайных в архиве не встретишь. Невидимая на первый взгляд для других работа архивариуса требует большой любви, кропотливого труда.

Архивы как невидимые нити связывают день сегодняшний с ушедшим. Когда-то и он станет историей. Но никогда не пропадет бесследно, навсегда оставшись бумажной памятью на полке архива.

**Начальник архивного отдела**
**Администрации МО «Унцукульский район»**
**А. Магомедова**

# Перечень и количественный состав участковых избирательных комиссий, формируемых в 2023 году на территории МО «Унцукульский район»

| № п/п | Номер участковой избирательной комиссии | Количество членов участковой избирательной комиссии |
|---|---|---|
| 1 | 1463 | 7 |
| 2 | 1464 | 5 |
| 3 | 1465 | 5 |
| 4 | 1466 | 7 |
| 5 | 1467 | 9 |
| 6 | 1468 | 5 |
| 7 | 1469 | 9 |
| 8 | 1470 | 7 |
| 9 | 1471 | 5 |
| 10 | 1472 | 9 |
| 11 | 1473 | 5 |
| 12 | 1474 | 5 |
| 13 | 1475 | 5 |
| 14 | 1476 | 5 |
| 15 | 1477 | 5 |
| 16 | 1478 | 5 |
| 17 | 1479 | 7 |
| 18 | 1480 | 5 |
| 19 | 1481 | 9 |
| 20 | 1482 | 7 |
| 21 | 1483 | 9 |
| 22 | 1484 | 9 |
| 23 | 1485 | 5 |
| 24 | 1486 | 5 |
| 25 | 1487 | 5 |
| 26 | 1488 | 5 |
| 27 | 1489 | 7 |
| 28 | 1490 | 7 |
| 29 | 1491 | 7 |

## Информационное сообщение о приеме предложений по кандидатурам для назначения членами участковых избирательных комиссий (в резерв составов участковых комиссий)

Руководствуясь статьями 26 и 27 Федерального закона «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации» территориальная избирательная комиссия Унцукульского района объявляет прием предложений по кандидатурам для назначения членами нижеследующих участковых избирательных комиссий (в резерв составов участковых комиссий), формируемых в 2023 году:

| 30 | номер участ. изб. комиссии | кол. членов уч. изб. ком. |
|---|---|---|
| 31 | 1463 | 7 |
| 32 | 1464 | 5 |
| 33 | 1465 | 5 |
| 34 | 1466 | 7 |
| 35 | 1467 | 9 |
| 36 | 1468 | 5 |
| 37 | 1469 | 9 |
| 38 | 1470 | 7 |
| 39 | 1471 | 5 |
| 40 | 1472 | 9 |
| 41 | 1473 | 5 |
| 42 | 1474 | 5 |
| 43 | 1475 | 5 |
| 44 | 1476 | 5 |
| 45 | 1477 | 5 |
| 46 | 1478 | 5 |
| 47 | 1479 | 7 |
| 48 | 1480 | 5 |
| 49 | 1481 | 9 |
| 50 | 1482 | 7 |
| 51 | 1483 | 9 |
| 52 | 1484 | 9 |
| 53 | 1485 | 5 |
| 54 | 1486 | 5 |
| 55 | 1487 | 5 |
| 56 | 1488 | 5 |
| 57 | 1489 | 7 |
| 58 | 1490 | 7 |
| 59 | 1491 | 7 |

**(Продолжение на 5 странице)**

# Информационное сообщение о приеме предложений по кандидатурам для назначения членами участковых избирательных комиссий (в резерв составов участковых комиссий)

В соответствии с требованиями статей 22, 27 Федерального закона «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации» и статьями 4, 27 Закона Республики Дагестан «Об избирательных комиссиях в Республике Дагестан» участковые избирательные комиссии формируются территориальной избирательной комиссией на основе предложений:

– политических партий, выдвинувших списки кандидатов, допущенные к распределению депутатских мандатов в Государственной Думе Федерального Собрания Российской Федерации, Народном Собрании Республики Дагестан, других политических партий и иных общественных объединений;

– избирательных объединений, выдвинувших списки кандидатов, допущенные к распределению депутатских мандатов в представительном органе соответствующего муниципального образования;

– собраний избирателей по месту жительства, работы, службы, учебы;

– представительных органов соответствующих муниципальных образований.

При внесении предложений в состав участковой избирательной комиссии должны быть представлены следующие документы:

политическими партиями, их региональными отделениями и иными структурными подразделениями – решение полномочного (руководящего или иного) органа политической партии либо регионального отделения, иного структурного подразделения политической партии о внесении предложения о кандидатурах в составы соответствующих участковых избирательных комиссий, оформленное в соответствии с требованиями устава политической партии;

иными общественными объединениями – нотариально удостоверенная или заверенная уполномоченным на то органом общественного объединения копия действующего устава общественного объединения, а также решение полномочного (руководящего или иного) органа общественного объединения о внесении предложения о кандидатурах в состав избирательных комиссий, либо решение полномочного органа регионального отделения, иного структурного подразделения общественного объединения, наделенного в соответствии с уставом общественного объединения правом принимать такое решение;

иными субъектами права внесения кандидатур – соответственно решение представительного органа муниципального образования, решение собрания избирателей по месту жительства, работы, службы, учебы.

Кроме того, субъектами права внесения кандидатур должны быть представлены:

– две фотографии лица, предлагаемого в состав участковой избирательной комиссии, размером 3 х 4 см (без уголка);

– письменное согласие гражданина Российской Федерации на его назначение в состав избирательной комиссии (по установленной форме);

– копия паспорта или документа, заменяющего паспорт гражданина Российской Федерации, содержащего сведения о гражданстве и месте жительства лица, кандидатура которого предложена в состав избирательной комиссии;

– копия документа (трудовой книжки либо справки с основного места работы) лица, кандидатура которого предложена в состав избирательной комиссии, подтверждающего сведения об основном месте работы или службы, занимаемой должности, а при отсутствии основного места работы или службы – копия документа, подтверждающего сведения о роде занятий, то есть о деятельности, приносящей ему доход, или о статусе неработающего лица (пенсионер, безработный, учащийся (с указанием наименования учебного заведения), домохозяйка, временно неработающий).

Прием документов осуществляется в период с 20 марта по 18 апреля 2023 года по адресу: ____________________.

При внесении предложений и оформлении документов по кандидатурам для назначения в состав участковых избирательных комиссий (в резерв составов участковых комиссий) следует руководствоваться статьями 22, 27 Федерального закона «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации», Методическими рекомендациями о порядке формирования территориальных избирательных комиссий, избирательных комиссий муниципальных образований, окружных и участковых избирательных комиссий, утверждёнными постановлением Центральной избирательной комиссии Российской Федерации от 17 февраля 2010 года №192/1337-5, а также Порядком формирования резерва составов участковых комиссий и назначения нового члена участковой комиссии из резерва составов участковых комиссий, утвержденным постановлением Центральной избирательной комиссии Российской Федерации от 5 декабря 2012 года №152/1137-6 (размещены в разделе «Формирование участковых избирательных комиссий» на официальном сайте Избирательной комиссии Республики Дагестан в сети «Интернет»).

В состав участковых избирательных комиссий не зачисляются лица, подпадающие под ограничения, установленные пунктом 1 статьи 29 Федерального закона «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации».

Заседание территориальной избирательной комиссии по формированию участковых избирательных комиссий будет проведено в июне 2023 года.

# О гражданской обороне

В соответствии с Федеральным законом «О гражданской обороне» гражданская оборона организуется в целях защиты населения и материальных и культурных ценностей от опасностей, возникающих в ходе военных действий и в результате этих действий, а также при возникновении чрезвычайных ситуаций природного и техногенного характера.

Гражданская оборона, ее силы и средства, ее возможности – это один из факторов обеспечения безопасности общества. В начале 1998 года вступил в действие Федеральный закон «О гражданской обороне». Впервые в истории России проблемы гражданской обороны были регламентированы законодательным актом МЧС России целенаправленно внедряет новый формат повышения готовности ГО и заинтересовано в более активном участии граждан. Знания, полученные в рамках мероприятий по ГО, помогут каждому человеку усвоить перечень опасностей и угроз с учетом региона проживания, овладеть практическими навыками оказания самопомощи и первой доврачебной помощи, а также уметь грамотно и в кратчайший срок призвать на выручку спасателей.

Пожары, природные и техногенные аварии на производстве, транспорте, объектах ЖКХ, стихийные бедствия — вот неполный список того, на что реагируют силы гражданской обороны страны, и все эти усилия направлены в первую очередь на оказание помощи людям, на обеспечение их безопасности, сохранение жизни и здоровья, культурных и материальных ценностей.

К основным задачам гражданской обороны с позиций сегодняшнего дня можно отнести:

- оповещение и информирование населения об угрозе и действиях в складывающейся обстановке;
- эвакуацию населения, материальных и культурных ценностей;
- инженерную, радиационную, химическую, медико-биологическую и противопожарную защиту населения;
- защиту водоисточников (систем водоснабжения), продовольствия, пищевого сырья, фуража, сельскохозяйственных животных и растений;
- повышение устойчивости функционирования объектов;
- проведение мероприятий по комплексной маскировке;
- проведение аварийно-спасательных и других неотложных работ;
- первоочередное жизнеобеспечение пострадавшего населения;
- восстановление и поддержание порядка в пострадавших районах;
- срочное захоронение трупов; всеобщее обучение населения;
- обеспечение мобилизационной готовности гражданской обороны;
- организацию управления мероприятиями гражданской обороны;
- участие сил гражданской обороны в ликвидации чрезвычайных ситуаций;

Сегодня как никогда актуальна проблема повышения культуры безопасности, воспитание навыков безопасного поведения с самого раннего детства. Гражданская оборона России сегодня – это дело каждого. Мы сами должны знать, что делать в кризисных ситуациях, мы сами должны уметь действовать в этих ситуациях, чтобы выжить самим и помочь тем, кто оказался рядом.

Украина: къварилъи

# Рагъухъан тIовитIиялда хурхун

(Украиналъул спецоперациялда чIвана Унсоколоса М. МухIамадов)



3 марталда Украиналда унеб рагъулаб операциялда чIвана нилъер ракьцояв, районалъул Унсоколо росулъа МухIамадов МухIамад АхIмадович. Гьесул гIагарлъиялъе гуребги кIудияб ками буго гьеб районалъего. МухIамад вукIана мобилизациялдалъун районалдаса рагъулъ гIахьаллъизе ине араб соналъул сентябрь моцIалда тIаде ва-хъарав ва нилъеда тIад роцIараб зоб букIинабиялъе кьерькьарал районцояздасан цояв. Жакъа тIолалго районалъул гIадамаз гьеб хабар къабул гьабуна кIудияб къварилъиялдалъун.

МухIамадил букIана гIицIго 23 сон. Гьев вукIана Аминат НурмухIамадовалъулги АхIмад МухIамадовасулги цого-цо вугев вас. М. МухIамадовас хъулухъ гьабулеб букIана мотострелковияб батальоналъул гранатометчикасул кумекчиклъунги вукIун.

8 марталда Унсоколо росулъ букIана чIварав солдат вукъи. ГIага-божараз да ва росуцояздаго зигара базе гьенире рачIун рукIана Шали шагьаралда бугеб рагъулаб часталъул командир Ризван ГIабдусаламов, Дагъистан Республикаялъул районалдасан Халкъияб Собраниялъул депутат МухIамад МухIамадов, «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГIиса НурмухIамадов, гьесул зам. МухIамад ХIамзатов, мобилизовать гьавураб отделалдасан Унсоколо районалда вугев рагъулав комиссар ГIабдула ГIабдурахIманов, Унсоколо росдал бетIер ХIабиб МухIамадов ва цогидалги.

**Районалъул администрациялъул, тIолалго тIадехун рехсаразул, районалъул информационнияб Централъул хIалтIухъабазул рахъалдасан гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго МухIамад АхIмадовичасул эбел-инсуда, яцазда, тIолабго гIагарлъиялда. ВатIан цIунулаго нахъе къачIев гьайбатав вас гIезавурав, нужее Аллагьас сабру кьеги! ТIадегIанасул цIобалдалъун МухIамад алжаналъул агьлулъун гьавун ватаги!**



Спорт

# Баркула бергьенлъи

5 марталда «Къуватазул хасаб операциялъул къеркьеялъул хIурматалда» Дагъистаналъул Избербаш шагьаралда тIобитIана столалда теннис хIаялъул республикаялъулаб турнир. Гьенив гIахьаллъаразул цояв вукIана Унсоколо росулъа ГIабдурахIманов Шамиль МухIамадович. Гьес тIоцебесеб бакI ккуна къецазда.

**ХIурматияв Шамиль МухIамадович!**

**Администрациялъул, районалъул депутатазул корпусалъул ва информационнияб Централъул тIолалго хIалтIухъабазул рахъалдасан ракI-ракIалъ баркула Дуда гьайбатаб бергьенлъи. Гьарула Дуе сахлъи, хадубккунги къеркьеязулъ битIккей!**

# Турнир тIобитIана



Араб хIалхьиялъул къоязда, ВатIан цIунулезул байрамалда ва халкъияв поэт Расул ХIамзатов гьавуралдаса 100 сон тIубаялде буссараб спортивиял къецал тIоритIана бихьиназда гьоркьоб районалда. Гьел унел рукIана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул призалъе гIоло.

Турниралда гIахьаллъана ГI. НурмухIамадов, гьесул заместителал, администрациялъул ва диниял вакилзаби ва цогидалги. Къецазда I. бакI ккуна Балахьуни росдал командаялъ, 2 бакI щвана ЦIатIанихъ росдал командаялъе, 3 бакIалде бачIана Рихьуни командаги.

РакI-ракIалъ баркула гьезда спорталъулъ щварал лъикIал хIасилал!

Амма спорталдасан кIудияб рохел щвечIеб хабар бачIана районалде ва Унсоколо росулъе, СВОялда рагъулъ гIахьаллъулев Унсоколоса МухIамадов МухIамад АхIмадович Украиналъул рагъда чIванилан. Гьесул абуни букIана гIицIго 23 сон.

Турниралда гIахьаллъарав районалъул имамас гьесие ва СВОялда гIахьаллъулезе дугIа гьабуна.

Унсоколо №2 гьоркьохъеб школалъул педагогазул коллективалъ гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго Украиналъул хассаб операциялда вагъулаго чIварав жидерго цIалдохъан

**МухIамад**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан, гьесул эбел Аминатида эмен АхIмадида, яцазда ва тIолабго гIагарлъиялда. Аллагьас гьесие алжан нужее сабруги кьеги!

# Накалда сукIаяб, цолъараб цолъи! (ООН)

Ракьулъе тIерхьаяб, мун Америка
ТIогьолаб гIелалъе гъара ургъулел,
Накалда сукIаяб цолъараб цолъи
ХIилла-макруялъул хIукмаби хъвалел.
Саназ лъугIулареб жахIда-х1усуд щиб
ГIаданлъи тIагIараб дур гIуцIиялъул!?
Ракьул гьумералда лъолел рагъаца
Би гьекъон кваналел, макрабазул халкъ!
Багьана гьечIого рагъде халкъ цIазе
«Меседил миллиард» холарезулищ?
ГIумро тIегьаралъуб тIаде цIаги бан,
Бидулъ гIащикълъарал, нужер мурад щиб?
Къуватабщинаб халкъ накалдаги лъун,
БукIинесеб бугищ, дур гIуцIиялъул!?
Чилъи гьечIеб мисал дунялалъе тун,
Сунца кквелеб дуца ракьалда гIумро!
Нуж ТIадегIанасул хIукму щвезегIан
Халкъалде тIамураб балагь батила,
Гьесул ритIухълъиялъ хIикматги рештIун,
Ракьалдаса унеб гIазаб батила.
Кинан батаниги, хIукму Дур бугин
Ракьалдаса зулмо босе, БетIергьан!
РитIухълъи бергьунин хIадисги бугин
Ургъаралъуб букъе, къадараб хивал!

**Саният КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА.**

**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**п. Шамилькала**
**ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора**
**89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 3. 14. 2023 г.
16. 10
фактически -17. 30 мин.

Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках
Тираж - 1003 экз.